ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№75 (23.233) ● 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Юрий Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум и унафэщI Пястолов Владимир хуэзащ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум и унафэщI Пястолов Владимир.**

ЗЭIУЩIIЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыIэ гъущI гъуэгухэм зегъэужьыным, тарифхэр экономикэм мы зэманым къигъэувхэм егъэзэгъыным, Налшыкрэ Москварэ яку дэт «Эльбрус» мафIэгумкIэ къэзыкIухьхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыным.

КIуэкIуэ Ю. А. къыхигъэщхьэхукIащ «РЖД» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и къудамэм - Кавказ Ищхъэрэ гъущI гъуэгум - зэрыпыщIамрэ зэрыдэлажьэмрэ зегъэубгъуным республикэм и сэбэп зэрыхэлъыр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Парламентаризмэм и тхыдэ

## Хабзэубзыху дерсхэр

**Урысейм парламентаризмэр илъэси 110-рэ зэрыщрикъур республикэм щагъэлъапIэ.**

1906 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 27-м лэжьэн щIэзыдза Къэрал Думэм и тхыдэм еджакIуэхэр нэхъыфIу щагъэгъуэзэн мурадкIэ, республикэм и школхэм щрагъэкIуэкI «Урысейм парламентаризмэм зэрызыщиужьар» зыфIаща дерс зэIухахэр. Абыхэм яхэтщ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр.

Iуэхум и мурад нэхъыщхьэщ ди къэралым, жылагъуэ гъащIэм, цIыху щхьэхуэм я дежкIэ парламентаризмэм иIэ мыхьэнэр школакIуэхэм къагурыгъэIуэныр, щIэблэм я зэхэщIыкI-гупсысэм зегъэужьыныр.

Иджырей парламентаризмэм къежьапIэ хуэхъуар 1993 гъэрщ, УФ-м и Конституцэр къыщащтарщ.

Абыи КъБР-м и Парламентым и тхыдэми топсэлъыхь депутатхэр. ЩIэблэр щагъэгъуазэ я къалэнхэм. ЕджакIуэхэм депутатхэм иратащ политикэм теухуа упщIэ гъэщIэгъуэнхэр. ХьэщIэхэм абыхэм жэуап кърататащ.

Депутатхэм къызэралъытэмкIэ, мыпхуэдэ зэIущIэхэр сэбэп хъунущ щIалэгъуалэм къэрал властым и ухуэкIэр ящIэнымкIэ.

Республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ дэт школхэм щеджэхэм КъБР-м и Парламентым зыщрагъэплъыхьынущ, еджэнымрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ къыщыхэжаныкIа студентхэр депутатхэм Iуагъэщ Iэнущ. Урысейм парламентаризмэр къызэрыщыунэхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум папщIэ къызэрагъэпэща Iуэхухэм ящыщщ «Си хабзэубзыху жэрдэм» зи фIэщыгъэ эссе тхынымкIэ зэпеуэр. КъБР-м и Парламентым дэлажьэ ЩIалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэщынущ «Сэ Законыр сощIэ» интернет-проектыр, къэралым щызекIуэ хабзэхэм щыгъэгъуэзэным теухуар.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

## ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ

**Санкт–Петербург щэнхабзэмкIэ и къэрал институтымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIылIащ. А дэфтэрым Санкт-Петербург Iэ щытрадзащ а еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэу Тургаев Александррэ Алътуд Юрийрэ.**



ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ и къалэныр дуней псом щапхъэу къыщалъытэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрырагъэгъуэт Iэмал пэрытхэм тету, Урысейм и вузхэм я хабзэ нэхъыфIхэм зрагъэужьу, щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм я гъэпсыкIэ пэрытхэр курыт, профессиональнэ, щIэныгъэ гуэдзэ щрат IэнатIэхэм хэпщэнырщ.

Тхылъым Iэ тедзэным пыщIа дауэдапщэхэр зэфIэкIа нэужь, «Невское раздолье» ансамблым и уэрэджыIакIуэхэм къагъэлъэгъуащ КъБКъУ-м икIа хьэщIэхэм папщIэ ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр.

**ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.**

## Налшык щыпсэухэр я къалэмкIэ арэзыщ

**Экологие и лъэныкъуэкIэ зи Iуэхур нэхъ зэпэщу къалъытэ къали 100-м дэсхэм зэрахэуупщIыхьам кърикIуам ипкъ иткIэ Налшык ещанэ увыпIэр иубыдащ.**

ЦIЫХУХЭМ зэрызыхуагъэзар зы Iуэхущ - «Сыщыпсэу хьэблэм къэкIыгъэхэр щыкуэдщ, хьэуар щыкъабзэщ» жыхуиIэм арэзы техъуэрэ темыхъуэрэ. АбыкIэ мыакъылэгъуу къата жэуап къэс зы балл, нэгъэсауэ арэзыуэ жызыIа дэтхэнэми хуэзэу балли 10 хуагъэувырт. ЦIыху мин 310-м щIигъум жаIахэм ипкъ иткIэ экологиемкIэ рейтингхэр яубзыхуащ.

Нэхъ япэ ищахэм ящыщщ Краснодар крайм, Кавказ Ищхъэрэ, Приволжскэ федеральнэ округхэм я жылагъуэхэр. Я къалэмкIэ нэхъ арэзыуэ къыщIэкIащ Сочэ щыпсэухэр. Абыхэм къалэм и экологие щытыкIэм ику иту балли 8 хуагъэуващ. Балли 7,6-рэ Армавир къихьащ, абы кIэлъокIуэ псы хущхъуэхэр щыкуэд Налшык къалэр.

Зи рейтингхэр нэхъ цIыкIу дыдэхэм яхэхуащ промышленностым и IуэхущIапIэхэр, сырьем елэжь IуэхущIапIэхэр щыкуэд къалэхэр, апхуэдэу Сыбыр федеральнэ округым щыщ къалэхэр. Я рейтингыр нэхъ мащIэ дыдэщ Новокузнецк (балли 4,4-рэ), Братск (балли 4,3-рэ) къалэхэм.

## Хьэрычэтыщ Iэхэр нэхъ жыджэр мэхъу

**Мэлыжьыхьым и 22-м Налшык къалэм щагъэлъэпIэнущ «Урысейм и цIыхубз хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа «Илъэсым и цIыхубз унафэщI», «Илъэсым и унафэщI нэхъ щIалэ» конкурсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу щытекIуахэр.**

КЪЭРАЛ властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, бизнесым, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр а зэхыхьэм щытепсэлъыхьынущ хьэрычэт IэнатIэм пэрытхэм я жыджэрагъым хэгъэхъуэным, щIыналъэхэр бизнесым и IэнатIэм зэрыщызэдэлажьэм нэхъри зегъэужьыным.

ЗэIущIэр Налшык къалэм Байсултановым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №39-м («Акрополь» щэнхабзэ-зыгъэпсэхупIэ комплекс) щекIуэкIынущ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 14-рщ.

***КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Накъыгъэм и 22-м хэхыныгъэхэм щIедзэ

● Парт лэжьыгъэ




**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм щыщу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм хэтынухэр къыщыхах зэIущIэм и пэ къихуэу иригъэкIуэкIа парт кIуэцI IэIэтым хэтахэм я пресс-конференц Налшык щекIуэкIащ. Абы щIэсащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и секретарь, къагъэлъэгъуэнухэр IэIэткIэ къыхэхыныр къызэзыгъэпэщ комитетым и унафэщI Бозий Натбий, КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Къардэн Мурат, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI Марьяш Иринэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ сымэ.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 10-м иухащ IэIэтым хэтынухэр хэхыныр. Зыкъагъэлъэгъуэну хуитыныгъэ яIащ «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэм, е и дарэгъухэм, е парт хэмытыххэхэм, я ныбжьыр илъэс 21-рэ ирикъуамэ. Ауэ нэгъуэщI политикэ партым щыщ хэтыну хуиткъым. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хуитыныгъэ иIащ Iэ зыхуаIэтынухэм химыгъэхьэну зи суд ящIауэ щытар, хамэ къэралым унэ-лъапсэ щызиIэр, хамэ къэрал банкхэм зи ахъшэ щызыхъумэр. Арати, IэIэтым хэтыну хахащ: Апажэ Аслъэн, Беккиев Мухьтар, Геккиев Заур, Дым Мухьэмэд, Къэжэр Хъусен, Къардэн Мурат, Марьяш Иринэ, Морозов Виктор, Тхьэмокъуэ Анзор, Шэт Ирмэ, Щоджэн Мухьэмэд, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ. Абыхэм ящыщу Апажэ Аслъэнрэ Беккиев Мухьтаррэ партым и дарэгъущ (дарэгъуу зэрыщытын хуей пIалъэр иухмэ, ахэр партым хагъэхьэнущ). Тхьэмокъуэ Анзор парт гуэрми хэткъым (ЦIыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэм щыщщ).

Мыхэр мэлыжьыхьым и 15-м щегъэжьауэ яIуощIэ республикэм и районхэм щыпсэухэм. Мэлыжьыхьым и 16-м щIидзауэ йокIуэкI я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъагъуэу щызэныкъуэкъу зэIущIэхэр. Дэтхэнэми апхуэдэ зэIущIитIым е нэхъыбэм хэтыну и къалэнщ. ИтIанэ IэIэткIэ ягъэбелджылынущ партым къигъэлъэгъуауэ хэхыныгъэхэм хэтынухэр. Ар екIуэкIынущ накъыгъэм и 22-м.

Бозий Натбий кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ а зэIущIэхэр зэрекIуэкI щIыкIэм, IэIэтым щIэуэ халъхьам.

- 2014 гъэм КъБР-м и Парламентым щекIуэкIауэ щыта мыпхуэдэ хэхыныгъэхэм къащхьэщыкIыу, мы гъэм Къэрал Думэм кIуэнухэр къыхэзыхынур цIыхубэращ. Апхуэдэ Iэмалым япэу дыхуэкIуауэ аращ, ар къэзыгъэсэбэпри «Урысей зэкъуэтым» и закъуэщ, - къыхигъэщащ Бозийм.

ЗэIущIэм и кIэм Бозий Натбий журналистхэм яжриIащ накъыгъэм и 22-м цIыхухэр хэхыныгъэхэм екIуэлIэн папщIэ абы теухуа хъыбар республикэм щызэщIэлъагъэIэсыну зэращыгугъыр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Сом меларди 4-рэ мелуан 912-м нэс

Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ 2016 гъэм и япэ мазищым КъБР-м щIыналъэм щызэхуахьэса налогхэмрэ фIэкIыпIэ зимыIэу ят адрей ахъшэхэмрэ хуэдэ 1,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом меларди 4-рэ мелуан 912-м нэсащ. Бюджетым и IэнатIэ псоми къаIэрыхьа хэхъуэм щыщу федеральнэ бюджетым сом зы меларды мелуан 960,6-рэ хуагъэхьащ. Ари нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэди 4,9-кIэ нэхъыбэщ.

Налог хэхъуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэгуэтым мы гъэм и япэ кварталым сом меларди 2-рэ мелуан 951,5-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 27,3-кIэ нэхъыбэ къыIэрыхьащ.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

● ТхылъыщIэхэр

## Даур Жэхьфар и тыгъэ



**Иджыблагъэ Черкесск къыщыдэкIащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я ветеран Даур Жэхьфар и Iэдакъэ къыщIэкIа «ГушыIэр Тхьэм и щIасэщ» тхылъыр.**

ИЛЪЭС щэ ныкъуэрэ тIукIэ журналисту лэжьа нэхъыжьыфIым удихьэхыу етхыж къуажэ хъыбархэр. Ахэр Жэхьфар илъэс куэдкIэ зэхуихьэсащ, гушыIэхэм я нэхъ шэрыуэхэр жаригъэIэжурэ. ИкIи къуажэ-къуажэкIэ зэщхьэщыхауэ тхылъым ихуащ жылэхэм я гушыIэкIэхэмрэ хъыбар дахэхэмрэ. Дэтхэнэ щIэджыкIакIуэми тхылъым кърихыфынущ гукъыдэж къезыт сэмэркъэухэр, жыIэгъуэхэр, къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Тхылъым и мыхьэнэр нэхъри еIэт адыгэм и тхыдэ жыжьэм къыхэщыж Черкасскэ пщыхэм ятеухуа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр зэритым.

## Шэч къытетхьэркъым



**«Къэбэрдейхэр мэгушыIэ» - аращ фIищар КъБР-м и цIыхубэ артист Думэн Мурадин иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIа тхылъыщIэм.**

ГУШЫIЭ жанрыр жыджэру театр утыкуми къыщызыгъэсэбэп Думэным и тхылъым ихуа дэтхэнэ тхыгъэ цIыкIуми уи дэрэжэгъуэр къимыIэтынкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэуи, нэхъ набдзэгубдзаплъэу ухэплъэмэ, гъащIэм къыщыхъу мыхъумыщIагъэ гуэрхэми гу лъыуигъэтэнущ.

ГушыIэ дахэкIэ гъэнщIа тхылъыр фигу зэрырихьынум шэч къытетхьэркъым.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Усэ къеджэхэр утыку кърашэ

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым Тхылъымрэ тхакIуэм и хуитыныгъэмрэ я махуэм (мэлыжьыхьым и 23-м) усэ къеджэнымкIэ республикэпсо зэпеуэ иригъэкIуэкI. Абы хэтынур Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм я епщIанэ классхэм щIэсхэрщ.**

ЗЭПЕУЭМ ныбжьыщIэхэм я творческэ зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэну Iэмал яIэнущ, усэ зыхуэтхынухэр наIуэ къищIынущ, ди хэкуэгъу тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зрагъэщIэным къыхуриджэнущ.

Республикэ зэпеуэр мэлыжьыхьым и 23-м сыхьэт 14-м Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм къыщызэIуахынущ.

**ЛИЙ Ланэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 21, махуэку**

- **ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэщ**
- **Бухгалтер нэхъыщхьэм и махуэщ**
- **Исландием щагъэлъапIэ хъыджэбзхэм я махуэр**
- **Рим и махуэр ар зи къалащхьэ Италием щагъэлъапIэ.** Ди эрэм и пэкIэ 753 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Ромул пащтыхьым Рим и лъабжьэр игъэтIылъауэ щытащ.
- **1920 гъэм** Налшык цIыхубэ хозяйствэм и щIыналъэ совет къыщызэрагъэпэщащ.
- **1921 гъэм** Налшык Лъэпкъ музей къыщызэIуахащ.
- **1939 гъэм** Ленинград къыщызэIуахащ «Москва» кинотеатрыр. Ар залищ иIэу СССР-м япэу щащIа апхуэдэ IуэхущIапIэт.
- **1954 гъэм** СССР-р ЮНЕСКО-м хыхьащ.
- Къэрал къулыкъущIэ, генерал-майор, Иорданием и лIыкIуэу Тыркум, Иракым, Китайм щыIа, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Бырмамыт Фоуаз** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
- Совет кинорежиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Ростоцкий Станислав** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
- Инджылызым и пащтыхь **Елизаветэ ЕтIуанэм** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.
- УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI **ЖьакIэмыхъу КIунэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 22-рэ, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 22, мэрем**

- **ЩIы-Анэм и дунейпсо махуэщ**
- **Заповедникхэмрэ лъэпкъ паркхэмрэ я махуэщ**
- **1370 гъэм** Франджым и пащтыхь Карл V и унафэкIэ Бастилие быдапIэр ухуэн щIадзащ.
- **1864 гъэм** США-м къыщыщIагъэкIыу хуежьащ жэзым къыхэщIыкIа ахъшэ жьгъейхэр - зы цент, центитI хъухэр. А зэманым къэралым финансхэмкIэ и министру лэжьа Чейз Салман Портленд и унафэкIэ центитI хъу ахъшэ жьгъейм къыхаIущIыкIат «Дэ Тхьэр ди фIэщ мэхъу» псалъэхэр.
- **1906 гъэм** Алыджым и къалащхьэ Афинхэм къыщызэIуахащ зи мычэзу Олимп Джэгухэр.
- Совет къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и япэ унафэщIу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.
- БзэщIэныгъэлI, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Елбэд Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.
- Америкэм щыщ физик, а къэралым и япэ атомнэ бомбэр зыщIа **Оппенгеймер Роберт** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
- Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **МэкIэтIей Абдулэхь** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
- Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщIэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КъБР) и унафэщI **Мысырджэн МуIэед** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
- УсакIуэ, зэдзэкIакIуэ, адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэд урысыбзэм къизыгъэзэгъа **Пряжников Александр** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Шынэр и унэ мэкIуэж.**

## И Iуэху бгъэдыхьэкIэр ди нобэми къозэгъ



**ЦIыхухэр сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэгъэдэным щIэхъуэпсу, абы хуэзышэ лъагъуэ пхызыша урысей революционер, социал-демократ лэжьакIуэ гупыр (большевикхэр) къызэзыгъэпэща, 1917 гъэм иригъэкIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэ иным и унэтIакIуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ, РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и япэ унафэщI, дунейм щыяпэ социалист къэралыр къызэзыгъэпэща Ленин Владимир пщэдей къыщалъхуа махуэщ.**

ЛЕНИН Владимир къэралым, лъэпкъхэм заужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. IуэхущIапIэ псоми набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъу и нэIэ зэрыщIигъэувам и фIыгъэкIэ, къэралыр гуащIэрыпсэухэм яIэщIилъхьэн хузэфIэкIащ. Псом хуэмыдэу абы щIалэгъуалэр фIыуэ илъагъурт, абыхэм я къэкIуэну зэманыр дахэу щытынымкIэ хузэфIэкI къигъанэртэкъым.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм дунейм ехыжа Ленин Владимир и Iуэху бгъэдыхьэкIэр, и гупсысэкIэр ди нобэми къозэгъ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

## Коммунистхэм гу зылъатапхъэ

**КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэтхэр 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м Ленинып Владимир къызэралъхурэ илъэси 146-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ абы и фэеплъым деж сыхьэти 10-м щызэхуэсынурэ удз гъэгъахэр тралъхьэнущ.**

ПАРТЫМ и щIыналъэ къудамэм и отчёт конференцыр Налшык Профсоюзхэм я унэм (Лениным и цIэр зезыхьэ проспект, 53) сыхьэт 11-м къыщызэIуахынущ. КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ абы отчёт щищIынущ комитетым и япэ секретарь Пащты Борис.

# Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ



**Си псалъэм и пэублэу щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм я лэжьакIуэ псоми я профессиональнэ махуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу. ЗэрытщIэщи, 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа Указ №805-мкIэ мэлыжьыхьым и 21-р ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэм и махуэу ягъэуващ. Ар ди къэралым и щIыпIэ псоми щагъэлъапIэ.**

ДИ МАХУЭР тхыдэ мыхьэнэ иIэу урысей махуэгъэпсым къыхэщ Iуэхум тохуэ. 1785 гъэм Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм а махуэм къыдигъэкIауэ щытащ «Урысей империем и къалэнхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ абы щызекIуэ хуитыныгъэхэмрэ я грамотэр». Грамотэр хэзыгъэгъуазэ манифестрэ IыхьиплIу зэхэтт. ЩIыпIэ дворян самоуправленэм и къызэгъэпэщыкIэ хабзэхэр, уэркъхэр (дворянхэр) я щхьэкIэ зыхуитымрэ я лIакъуэм теухуа граждан тхылъхэр зэрызэкIэлъахь щIыкIэмрэ абы игъэувырт. А грамотэр щIыпIэ самоуправленэм щIэдзапIэ хуэхъуащ.

Мэлыжьыхьым и 21-м ди къэралым къыщыхалъхьэ Iуэхугъуэхэр тещIыхьащ щIыпIэ самоуправленэм игъэзащIэ къалэным хэгъэхъуэным, абы и къэрал институтхэм я зэфIэкIыр бэм я деж нэхьэсыным.

ЩIыпIэ самоуправленэр псом япэу я Iуэхур яубзыхужынымкIэ Iэмал гъуэзэджэ къызэIузых, демократие къэралым и конституцэ ухуэкIэм и зы лъабжьэу щыт цIыхубэ властым и зехьэкIэр къызэзыгъэпэщ хэкIыпIэщ, апхуэдэу социальнэ, хозяйствэ-экономикэ зыужьыныгъэр щIэзыгъэхуабжьэ къарущ. ГъащIэрэ псэуныгъэрэ я лъэныкъуэкIэ цIыхухэр махуэ къэс зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэр зэфIэзыхыр щIыпIэ властырщ. Ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. ЩIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр, щытыкIэ тэмэм къахузэгъэпэщыныр. Къыхэгъэщыпхъэщ щIыналъэхэм я Iуэху зыIутым, лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ къызыхэкIым муниципальнэ властым хуэдэу нэгъуэщIхэм зэрыхамыщIыкIыр. Аращ самоуправленэм и IэнатIэхэм я зэфIэкI псори егупсысауэ, фейдэ пылъу къэдгъэсэбэпын щIыхуейр. А лэжьыгъэр унэтIыпхъэщ къэрал властым и къудамэхэмрэ жылагъуэ институтхэмрэ быдэу япыщIауэ.

КъищынэмыщIауэ, щIыпIэ самоуправленэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыпIэ самоуправленэм и институтхэр IэщIагъэлI IэзэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, граждан жылагъуэм я лIыкIуэхэр щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм я Iуэхум хэшэныр.

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым къару игъуэта нэужь, я пщэрылъхэр нэхъ тегушхуауэ ягъэзэщIэнымкIэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм IэмалыфIхэр ягъуэтащ. ЩIыпIэ самоуправленэм и къызэгъэпэщыкIэ лъабжьэхэр, къэрал влатымрэ щIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлажьэ хабзэхэр Фдеральнэ законым нэрылъагъуу ихъуэжащ.

ЩIыпIэ самоуправленэр щIыпIэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэныр зи пщэрылъ, апхуэдэу къэрал мыхьэнэ зиIэ къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэзых Урысей Федерацэм и власть зэIухам и институтщ. Ди нэгу зэрыщIэкIщи, щIыпIэ самоуправленэм теухуа законодательствэр мытэрэзмэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм лэжьыгъэр зэIумыбз щохъу, къэрал зехьэкIэр хэпщIыкIыу йокIакIуэ. Мурад пыухыкIахэм хуэгъэпса Iуэху зехьэкIэ Iэмалхэр (правовая система) егъэфIэкIуэныр, социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ щIыпIэхэм хэхауэ зыщезыгъэужьыну технологиещIэхэр гъэхьэзырыныр къэралым зезыгъэузэщIыну хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Зэманым зэригъэнэIуащи, сыт хуэдиз хуитыныгъэ имыIэми, къэрал властым и органхэр хэмыту, щIыпIэ самоуправленэр и къалэнхэм нэгъэсауэ пэлъэщынукъым. Муниципальнэ власть лъэщ къэралым иIэн зэрыхуейр псоми къыдгуроIуэ. Сыту жыпIэмэ, ар Хэкум зезыгъэужь къаруушхуэщ, зи махуэр дгъэлъапIэ щIыпIэ самоуправленэр и мыхьэнэкIи и пщэрылъкIи пэщIэдзэ административнэ IэнатIэщ.

ЩIыналъэхэм зегъэузэщIыным, зегъэужьыным муниципалитетхэр жыджэрухэтын, инфраструктурэмрэ цIыхухэм я псэукIэмрэ ирагъэфIэкIуэн хуейщ. ЩIыпIэхэм щыпсэухэм, абыхэм я лIыкIуэхэм (депутатхэм, жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэм) хуэдэу Iуэхур зыIутым нэгъуэщIхэр щыгъуазэкъым. Къыхэгъэщыпхъэщ: муниципалитетыр лъэщмэ, щIыналъэри Урысейри лъэщщ.

КъБР-м и Парламентыр щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм жыджэру ядолажьэ, къалэн гугъухэр, мыхьэнэ хэха зиIэхэр яхузэфIех, ящегъэпсынщIэ. Ар и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. ХабзэфI хъуауэ, республикэ семинар-зэIущIэхэр къызыдогъэпэщ, я пщэрылъхэр щагъэзащIэкIэ зыхуэзэ лъэпощхьэпохэр зэпкърыдох, хэкIыпIэхэр къахудолъыхъуэ. ЩIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIафэр зыхуэдэм Парламентым и Президиумым и зэIущIэхэм дыщытопсэлъыхь, къуажэ унафэщIхэм я отчетхэм дыщодаIуэ, хэзыгъэгъуазэ-аналитикэ тхыгъэхэр догъэхьэзыр, нэхъыбэу зыгъэпIейтейхэм унафэ къахудогъуэт.

Властымрэ граждан жылагъуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэIухауэ зыщегъэужьыным иIэ мыхьэнэр къэтлъытэу, апхуэдэу законубзыху, къызэгъэпэщыныгъэ, социально-экономикэ, щIыналъэ Iуэхухэр зэдгъэуIун, республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм хабзэ хэтлъхьэн мурадкIэ, КъБР-м и Парламентымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэтщIылIащ.

Си псалъэм и кIэухыу пщIэ зыхуэтщI ди лэжьэгъухэм - щIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм - мыпхуэдэу захуэзгъэзэнут. Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм псэукIэ тэмэм къахузэгъэпэщыным, зегъэузэщIыным тещIыхьа къэрал политикэр гъэзэщIэным махуэ къэс хьэлэлу фызэрытелажьэм папщIэ, фIыщIэшхуэ фхузощI. «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыджакIуэ псоми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ яIэну, я мурадхэм лъэIэсыну, ди махуэм фIы къахудэкIуэну.

**МЭЛБАХЪУЭ Борис**,
*КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и тхьэмадэ.*

## Мэлыжьыхьым и 21-р щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэм и махуэщ



# Нэхъыщхьэр бэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыныращ

***Псэуныгъэм пыщIауэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ, цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей гугъуехьхэр нобэ зэфIэзыхыр муниципальнэ властырщ. Псом япэу, апхуэдэщ социальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэныр, IэнатIэхэм фейдэ хэлъу зегъэужьыныр, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ я IуэхущIапIэхэр тэмэму унэтIыныр, цIыхухэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгузыужьу гъэнщIыныр, нэгъуэщIхэри. КIэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и лъэныкъуэ псори зэщIагъэхьэ, дэтхэнэми хуэфащэ унафэ къыхуагъэуэт.***

***Я махуэм лэжьыгъэфIкIэ ирихьэлIэхэм ящыщщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советыр. Дэ ди псэлъэгъущ а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Елчэпар МуIэед.***

**- ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэр илъэс еплIанэ хъуауэ ди къэралым щагъэлъапIэ. Властым и къудамэхэм ящыщу цIыхухэм нэхъ пэгъунэгъури зэпымыууэ зызыхуагъазэри аращ. Фи лэжьыгъэм сыт лъабжьэ хуэфщIыр, МуIэед?**

- ЩыIэ хабзэхэр догъэнэхъыщхьэ, абыхэм ткIийуэ дытетщ. Ди лэжьыгъэр щыдубзыхукIи пщэрылъхэр щыдгъэзащIэкIи Урысей Федерацэм и Конституцэм, «УФ-м щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131 ФЗ-м, КъБР-м и Конституцэм, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и Уставым, ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и Регламентым, нэгъуэщI федеральнэ, республикэ законодательствэхэм я пщалъэ-хабзэ актхэм щыубзыхуахэр нэгъэсауэ къыдолъытэ. 131-нэ федеральнэ законыр ди щIыналъэм зэкIэлъыхьауэ щыдогъэзащIэ. Къапщтэмэ, илъэс кIуам къалэн щхьэпэ зэфIэтхащ, лIыкIуэ, гъэзэщIакIуэ властым я лэжьыгъэр зэдгъэуIуащ, районым адэкIи зезыгъэужьыну Iуэхугъуэхэр дгъэбелджылащ. ЩIыпIэ самоуправленэм и Iуэхур план хэхам тету дунэтIащ. Нэгъабэ зэIущIи 8 едгъэкIуэкIащ, Iуэхугъуэ 53-м дыщыхэплъащ, дэтхэнэми ехьэлIауэ хуэфащэ унафэ къэтщтащ. Депутат комиссэхэр гъэхуауэ лэжьащ. Абыхэм егугъуу ягъэхьэзыра пщалъэ-хабзэ актхэр я лъабжьэу, Советым унафэхэр зэпэшэчауэ къищтащ. Зэпымыууэ щыIэ депутат комиссэхэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ, ауэ зэгъусэу зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыу яублэмэ, лэжьыгъэр нэхъри ефIэкIуэну къызолъытэ. А комиссэхэм тхылъкIэ щIамыгъэбыдауэ зы проекти утыку къитхьэркъым. Хабзэ актхэм нэхъыщхьэу хэлъыр Урысей Федерацэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и законхэм, муниципальнэ щIыналъэм и Уставым зэрезэгъырщ. Советым къищтэ хабзэ актхэр «Зольские вести» район газетым тыдодзэ, щIыпIэ администрацэм и официальнэ Интернет-сайтым щыдиIэ напэкIуэцIым идолъхьэ. Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм жыджэру дыдолажьэ. Пщалъэ-хабзэ актхэм я унафэхэр, абыхэм я проектхэр законодательствэм зэрезэгъыр, коррупцэ нэщэнэхэм зэрыхуэхейр къызэрапщытэм и фIыгъэкIэ, 2014-2015 гъэхэм щыуагъэ тIэщIэкIакъым.

**- Федеральнэ, республикэ законодательствэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрагъуэтам къыхэкIыу, нэхъапэкIэ Советым къищта пщалъэ-хабзэ актхэми зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъужыныгъэхэмрэ хэфлъхьэн хуей хъуащ. Абы дауэ фехъулIа?**

- Псори тэмэму зэхуэдгъэкIуауэ, абыхэм дытетщ. Къапщтэмэ, ди къэралым щIыпIэ самоуправленэм щихабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зэфIих Iуэхухэм цIыхухэр хэшэныр. ЗэIухауэ ирагъэкIуэкI зэIущIэхэр абы и зы Iэмалщ. Апхуэдэ зэхуэситI нэгъабэ къызэдгъэпэщащ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и Уставым и проектымрэ 2016 гъэм, апхуэдэу 2017-2018 гъэхэм районым и бюджетым и проектымрэ щызэпкърытхащ. «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-мрэ нэгъуэщI федеральнэ, республикэ законхэмрэ дгъэзащIэу, нэгъабэ пщалъэ-хабзэ акту 13, илъэс кIуамрэ мы гъэм и япэ мазищымрэ зы муниципальнэ программэрэ положени 6-рэ къэтщтащ. Советыр зыхэплъа Iуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэр, дауи, район бюджетымрэ ар гъэзэщIа зэрыхъуамрэ я отчетхэрщ. Сыту жыпIэмэ, бюджетыр зыгуэркIэ зэхуэмыкIуэмэ, хэхъуэхэмрэ хэщIхэмрэ зэпумылъытмэ, зэрытщIэщи, гугъуехьхэр къишэнущ. Бюджет, финанс политикэр тыдощIыхь щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм щытыкIэфI къыхузэгъэпэщыным, инвестицэ къыхегъэлъхьэным, район бюджетым налогрэ абы щымыщу халъхьэм хэгъэхъуэным, муниципальнэ мылъкум и зехьэкIэр егъэфIэкIуэным, нэгъуэщIхэми. ЩIыналъэм и мыгъэрей бюджетми социальнэ къалэнхэм увыпIэ щхьэхуэ щиIыгъщ.

**- Илъэсым и япэ мазищым Советыр дапщэрэ зэхуэса, МуIэед?**

- Мы гъэми депутатхэр жыджэру мэлажьэ. Зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу зэIущIищ едгъэкIуэкIащ, IуэхугъуипщIым дыхэплъащ. Псалъэм папщIэ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и отчетым дедэIуащ, апхуэдэу районым и Уставым зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъужыныгъэхэмрэ хэтлъхьащ.

ЩIыналъэм и муниципальнэ мылъкур зехьэнымрэ зегъэкIуэнымрэ зи пщэрылъыр район Советым и закъуэщ. А Iуэхур зэрызэкIэлъахь пщалъэ - хабзэ лъабжьэр ЩIыпIэ самоуправленэм и советым нэгъабэ иригъэфIэкIуащ. Абы и унафэкIэ къэтщта Программэм щыдгъэбелджылащ уней (приватизацэ) ящI муниципальнэ мылъкур, щыIыхьэхэр зэращэ, бэджэнд уасэр зэрагъэув, ар зэрат щIыкIэр, нэгъуэщIхэри. ЩIыпIэ самоуправленэм и советымрэ район администрацэмрэ зэпымыууэ щытыкIэм кIэлъоплъ, яубзыхуа Iуэхугъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэным, терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэм япэщIэтыным тещIыхьа муниципальнэ программэхэр зэрагъэзащIэм теухуа отчетхэм йодаIуэ, ахэр зэпкърах.

Къэпщытэныгъэхэм хыхьэу, Советым и зэIущIэхэм нэгъабэ зэпымыууэ щызэпкърытхащ къэтщта унафэхэр, муниципальнэ программэ хэхахэр, депутат комиссэхэм къагъэувхэр, нэгъуэщIхэри район администрацэм и IэнатIэхэмрэ абыхэм я къудамэхэмрэ зэрагъэзащIэр, апхуэдэу къуажэхэм я Iэтащхьэхэм - щIыналъэ советым и депутатхэм я отчетхэми дедэIуащ.

КъищынэмыщIауэ, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и гимным и макъамэмрэ и псалъэхэмрэ къызэрытщтар гъэ кIуам зэдгъэхъулIа IуэхуфIхэм ящыщу къызолъытэ.

**- ЦIыхухэм фазэрыдэлажьэм, депутатхэр я къалэнхэм зэрехъулIэм арэзы фыкъищIрэ? Мы илъэсым сытхэр фи плъапIэ, МуIэед?**

- Советым и депутатхэр хабзэ гъэувам тету цIыхухэм яIуощIэ. Ахэр щрагъэблагъэ махуэхэмрэ зэманымрэ щIыпIэ газетым тыдодзэ, район администрацэм и официальнэ сайтым щызэбгрыдогъэх. ЗэрыжысIащи, жэуаплыныгъэр зыхащIэу ди депутатхэр я къалэным пэрытщ. ЩIыналъэ мыхьэнэ зиIэ, районым къыщыхалъхьэ Iуэхугъуэ псоми жыджэру хэтщ. ЩIыпIэ самоуправленэм и советым и къалэн нэхъыщхьэр, шэч хэмылъу, цIыхухэм я псэукIэр, жылагъуэхэм я зэIузэпэщыныгъэр егъэфIэкIуэнырщ. Ар зэдгъэхъулIэн папщIэ, гъэхуауэ икIи нэгъэсауэ ди пщэрылъхэр дгъэзэщIэн, ехъулIэныгъэщIэхэм дыхущIэкъун хуейщ. Дызыхунэмысахэри мащIэкъым. Абы къыхэкIыу, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэузэщIыным, цIыхухэм хуэфащэ псэукIэ къахузэгъэпэщыным, бэм я сэбэп зыхэлъыр дэгъэкIыным дяпэкIи ди къарур хузэщIэдгъэуIуэну къытпэщытщ.

**- ФIыщIэ пхудощI, МуIэед, фи IуэхущIафэм дызэрыхэбгъэгъуэзам папщIэ. Нэгъабэ лэжьыгъэ хъарзынэ фиIащи, мы илъэсми нэхъыбэжым фыхунэсыну ди гуапэщ.**

- Упсэу. Мы Iэмалыр къэзгъэсэбэпу, ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ псоми ди махуэмкIэ сохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ, насып, зэIузэпэщыныгъэ къахудэкIуэну си гуапэщ.

*Епсэлъар* **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ**.

# КъалэнышщIэхэр къытщещI!

***ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зытеухуар щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэм, гъащIэ узыншэм, зэIузэпэщыныгъэм, зэгурыIуэныгъэмрэ зэрылъытэныгъэмрэ шэсыпIэ яхуэхъунырщ, цIыхухэм хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнырщ, къащхьэщыжынырщ.***

***Абыхэм зэрехъулIэм, дяпэкIэ я мурадхэм зыхэдгъэгъуэзэну дэ депсэлъылIащ Тэрч районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Джатэгъэжь Аслъэнбэч.***



**- Сыт хуэдэ гупсысэхэр уиIэу фи махуэм урихьэлIэрэ, Аслъэнбэч?**

- Къэралым и Iэтащхьэм и УказкIэ мы махуэр зэрагъэувам ипэжыпIэкIэ къалэныщIэхэр къытщещI. Иджы илъэс къэс мэлыжьыхьым и 21-м ар догъэлъапIэри, абы хуэфащэу дызэрыIущIэнум дыхущIокъу. ГъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ IуэхущIапIэхэми, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я къэрал властым и къудамэхэми, муниципалитетхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми а махуэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр. Дэри мыхуэмыхуу абы дрохьэлIэ. Тэрч муниципальнэ щIыналъэр, КъБР-м и Парламентыр, къалэмрэ къуажэхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэр, районым и прокуратурэр, IуэхущIапIэхэр, организацэхэр дызэрызэдэIэпыкъур сэбэпышхуэ мэхъу. Социальнэ, экономикэ IэнатIэхэр, бюджет политикэр зыунэтI, апхуэдэу муниципальнэ къулыкъур зэрызэкIэлъахь Iуэхугъуэхэр зыубзыху пщалъэ-хабзэхэм я лъабжьэр егъэфIэкIуэным нэгъабэ хэкъузауэ делэжьащ.

**- Гъэ кIуам Советыр дапщэрэ зэхуэса, Аслъэнбэч, сытхэм нэхъыщхьэу я гугъу фщIа?**

- Советым и лэжьыгъэ регламентым тету, зэIущIэхэр къызэдгъэпэщащ, и мычэзууэ щызэхэтшаи щыIэщ. Нэгъабэ сессие 17 едгъэкIуэкIати, унафэ 64-рэ къыщытщтащ. Абыхэм я нэхъыбэр бюджетым, финансхэм, налог политикэм, щIыпIэ самоуправленэм и къызэгъэпэщыкIэм, муниципальнэ мылъкум ятеухуауэ щытащ. Дызыхэплъа Iуэхугъуэхэм ящыщщ Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и зэхэлъыкIэм, цIыхуу щылэжьэнур зыхуэдизыр къэщтэным, щIыпIэ самоуправленэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI органым и зехьэкIэм и схемэмрэ улахуэмкIэ и илъэс фондымрэ зэхуэгъэкIуэным, муниципальнэ мылъкум хыхьэ щIы Iыхьэм е зэхэмыгъэщхьэхукIахэм хуэзэ бэджэнд уасэр зэрыхъум, ар зэрат щIыкIэмрэ пIалъэхэмрэ зыгъэбелджылы хабзэхэм, Тэрч къалэм и муниципальнэ мылъкур Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и мылъкум хэгъэхьэным, 2016 гъэм, апхуэдэу 2017-2018 гъэхэм Тэрч муниципальнэ районым и муниципальнэ мылъкур зэрызэрахьэнум, уней (приватизацэ) зэращIынум и программэм ехьэлIахэр, нэгъуэщIхэри.

Депутат комиссих зэпымыууэ мэлажьэ. Илъэс кIуам абыхэм зэIущIэ 28-рэ ирагъэкIуэкIащ, Советым къыщыхэтлъхьэ унафэхэм я проект псори пэублэу щызэпкърахащ. Зыкъытхуэзыгъазэ цIыхухэм зэпымыууэ дадолажьэ, я тхыгъэхэм и чэзум дыхоплъэ, къытхуэкIуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным, я губгъэн къызэрыдмыхьыным дыхущIокъу. Апхуэдэу ЖКХ-м, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я IэнатIэхэм щызэфIэдгъэкIхэри мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, псэуныгъэм пыщIа Iуэхугъуэхэм къуажэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм я сессиехэм дыщыхоплъэ, хуэфащэ унафэ къащыхудогъуэт. Къытхуэтхэхэм, къытхуэкIуэхэм я нэхъыбэр коммунальнэ хозяйствэм, псэупIэм, гъавэ щIапIэхэр бэджэнду къызэращтэм теухуа хабзэхэр зэрагъэзащIэм егъэпIейтей. Дэри а Iуэхухэм ткIийуэ ди нэIэ тедгъэтщ. Тэрч муниципальнэ щIыналъэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советыр хъарзынэу мэлажьэ. НыбжьыщIэхэм я жэрдэмхэр, я гупсысэхэр, къыхалъхьэ Iуэхухэр властым и IэнатIэхэм ялъэгъэIэсыным, районым и щIалэгъуалэ политикэр убзыхуным хуэунэтIауэ абы къалэн щхьэпэ егъэзащIэ.

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщIэным дауэ фехъулIэрэ, Аслъэнбэч?**

- А Iуэхугъуэхэм къалэн пыухыкIахэр къытщещI. Зэрызыхуигъазэм экономикэм и зыужьыкIэм увыпIэшхуэ щеубыд. Нобэ абы и мыхьэнэм хохъуэ. Финанс Iуэхухэр егъэфIэкIуэным, бизнес цIыкIумрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къытпэщытхэр зэпкърыхауэ игъэбелджылащ. КъызэрытлъытэмкIэ, къэралымрэ бизнесымрэ я хабзэ зэхущытыкIэхэр зэкIэлъыгъэкIуэным ахэр сэбэп хуэхъунущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, муниципальнэ реформэр пхыгъэкIыным теухуауэ иужьрей зэманым куэд зэфIагъэкI, щIыпIэ властым и къудамэхэм я къалэнхэр зэфIахыжыф хъуащ, унафэхэри нэхъ тегушхуауэ къащтэ, ауэ щIыпIэ самоуправленэм и зэтеувэкIэр гъащIэм къигъэувхэм къыкIэроху. Мис а щыщIэныгъэр нэхъ псынщIэу гъэзэкIуэжыным ди къарури ди зэфIэкIри етхьэлIэнущ. Нэхъыщхьэращи, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ муниципальнэ IуэхущIапIэхэр жылагъуэм щекIуэкI социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ. Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэр Тэрч районми абы и жылагъуэхэми къалъэIэсынущ. Абы къыхэкIыу, къэув къалэнхэр зэпIэзэрыту, зэкIэлъыхьауэ зэрызэфIэтхыным дыхуэхьэзыру щытын хуейщ.

**- Мы гъэм фи мурадхэм и гугъу уэдгъэщIынут.**

- Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж, зи щIыналъэмрэ зи цIыхухэмрэ зыфIэлъапIэ, абыхэм я зэIузэпэщыныгъэм егупсыс дэтхэнэ зыми хуэдэу, дэри мурад пыухыкIахэр диIэщ. Ахэр зэдгъэхъулIэн щхьэкIэ, гъэ кIуам тхузэфIэкIамрэ дызыхунэмысахэмрэ зэпэтлъытащ, къалэн щхьэхуэхэр зыщытщIыжащ. Социальнэ Iуэхухэр япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу къыдолъытэ. ПсэукIэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэ псоми гулъытэ хэха хуэтщIынущ. КIэщIу къыхэзгъэщынщи, апхуэдэщ хуэмыщIахэм, зи закъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм защIэгъэкъуэныр, улахуэр зэратыр, IэнатIэщIэхэр къызэIухыныр, жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыныр, социальнэ, инженер инфраструктурэм и псэуалъэхэр ухуэныр, мэкъумэш хозяйствэм мылъку хухэхыныр, щIэблэр егъэджэныр, гъэсэныр, нэгъуэщI куэдхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властыр хъарзынэу къыддоIэпыкъури, а къалэнхэм дазэрыпэлъэщынум шэч къытетхьэркъым.

**- Упсэу, Аслъэнбэч. ГугъэфIхэр фиIэу, мурадыфIхэр фи плъапIэу фыкъогъуэгурыкIуэри, къывэхъулIэну ди гуапэщ.**

- ГукъэкI фщIыуэ ди IуэхущIафэм дызэрытевгъэпсэлъыхьам папщIэ, фIыщIэ фхудощI. Мы Iэмалыр къэзгъэсэбэпу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ депутатхэмрэ сехъуэхъуну сыхуейт ди махуэм фIы къахуихьыну, узыншагъэ быдэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ яIэу дяпэкIи я сэбэп куэд цIыхухэм ирагъэкIыну.

*Епсэлъар* **АРУАН Алийщ**.

# ГуфIэгъуэ пшыхь

● Гу зылъытапхъэ

*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и муниципальнэ IуэхущIапIэхэм, гъунэ щралъам зыхуэза гугъуехьхэр къызэранэкIри, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэфIэкI щызиIэ IэнатIэу зыкъагъэлъэгъуащ. Зыхуей закон лъабжьэхэр зэтрагъэуващ, я къалэнхэр гъэзэщIэным йогугъу, унафэ пыухыкIахэр нэхъ тегушхуауэ къащтэ.*

*ЗэрынаIуэщи, я IуэхущIафэр нэхъыщхьэу зытеухуар зы мурадщ - щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэр нэрылъагъуу гъэпсыныращ, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэмрэ зэрылъытэныгъэмрэ шэсыпIэ быдэ яхуэхъуныращ, цIыхухэм хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныращ, абыхэм къащхьэщыжыныращ.*

*Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ а къалэнхэм зэрехъулIэр Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм ныщхьэбэ щызэхашэну гуфIэгъуэ зэхыхьэм щызэхуаIуэтэнущ, Совет нэхъыфIхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм пщIэ щызиIэ, IэнатIэм щыпэрыт я IэщIагъэлIхэр щагъэпэжэнущ.*

*ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IуэхущIапIэм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэщыну концертым республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я творческэ гуп нэхъыфIхэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ.*

*ЩыщIидзэнур сыхьэт 16-рщ. Концертыр пщIэншэщ.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ**.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# IэщIэкIэ зэщIэузэда Лъэпкъ гвардие



● ЩIэ

**Урысей Федерацэм къыщыунэхуащ IэщэкIэ зэщIэузэда дзэ къаруущIэ - Лъэпкъ гвардие. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щытынущ терроризмэмрэ щIэпхъаджащIэ зэщIэгъэуIуахэмрэ ебэныныр. Апхуэдэуи Лъэпкъ гвардием хэтхэм ягъэзэщIэнущ иджыпсту ОМОН-мрэ ОМСН-мрэ (СОБР) я пщэ дэлъ къалэнхэр. Лъэпкъ гвардием ехьэлIауэ УФ-м и Президентым и указыр мэлыжьыхьым и 5-м къыдэкIащ.**

УНАФЭР къызэрищтар Президент Путин Владимир хэIущIыIу щищIащ УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр, полицэм и генерал Колокольцев Владимир, Наркотикхэр зегъэкIуэнымкIэ къэрал IуэхущIапIэм и директор Иванов Виктор, УФ-м и МВД-м IэщэкIэ зэщIэузэда и къэрал кIуэцI дзэхэм я унафэщI, армэм и генерал Золотов Виктор, Iэпхъуэшапхъуэхэмкlэ IуэхущIапIэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Егоровэ Екатеринэ сымэ ядригъэкIуэкIа зэIущIэм.

«Унафэр къэтщтащ: къэралым и гъэзэщIакIуэ IуэхущIапIэщIэ къызыдогъэпэщ. Къэрал кIуэцI дзэхэр зи лъабжьэу щытыну Лъэпкъ гвардиер терроризмэмрэ щIэпхъаджащIэ зэщIэгъэуIуахэмрэ ебэнынущ. Сыщогугъ, иджыри къэс къызэрекIуэкIам хуэдэу, Лъэпкъ гвардиеми и пщэ дэтлъхьа къалэнхэр игъэзэщIэну, нэхъ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къэтлъытэхэм я лэжьыгъэр щыщIагъэхуэбжьэну», - жиIащ Путин Владимир.

Къалэн нэхъыщхьэхэу Президентым къигъэлъэгъуащ:

1) МВД-м дэщIыгъуу цIыхубэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыныр.

2) Терроризмэм ебэныныр, абы ехьэлIа Iуэхугъуэхэр хабзэм къриубыдэу ягъэзэщIэным кIэлъыплъыныр.

3) Экстремизмэм ебэныным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм хэтыныр.

4) ЩIыналъэр хъумэныр къызэгъэпэщыныр.

5) Къэрал IуэхущIапIэхэмрэ хьэпшып хэхахэмрэ хъумэныр.

6) ФСБ-м и IуэхущIапIэхэм гъунапкъэр яхъумэнымкIэ ядэIэпыкъуныр.

ЖыпIэ хъунущ Лъэпкъ гвардием къалэнышхуэхэр къызэрыхуагъэувар. ЦIыхур къегъэлыным ехьэлIа щытыкIэхэр къыщыхъуам и деж зауэлIхэр фэтэрхэм, унэхэм щIыхьэну хуитыныгъэ яIэщ. Апхуэдэу, законым къызэригъэувымкIэ, абыхэм уэрамым ирикIуэхэм я дэфтэрхэр къапщытэ хъунущ, щIэпхъаджагъэ зыщIауэ шэч зыхуащIхэр сыхьэтищ нэхърэ мынэхъыбэкIэ яубыдыну хуитщ. ЩытыкIэ щхьэхуэхэм деж псыутххэр, бронированнэ техникэр къагъэсэбэп хъунущ, оперативнэ щытыкIэм теухуауэ Iэщэ къагъэсэбэпыну хуитщ. КъыхэгъэщхьэхукIауэ щытщ ныкъуэдыкъуэхэр, уэндэгъухэмрэ сабийхэмрэ зыхэт гупым Iэщэ къыщагъэсэбэп зэрымыхъунур, къытеуахэм япэщIэту щымытмэ.

«Лъэпкъ гвардием и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытынур, псом япэрауэ, щIэпхъаджащIэ гупышхуэхэр гъэкIуэдынырщ. МВД-м и къалэныр нэхъыбэу зыхуэунэтIар полицэ Iуэхугъуэхэрщ, цIыхубэ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыныр, оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр», - жиIащ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я политолог Перенджиев Александр.

Лъэпкъ гвардием и Iэтащхьэу щытынущ Золотов Виктор. IуэхущIапIэщIэр зи унафэ щIэтынур Президентым и закъуэщ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, абы и фIыгъэкIэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэри нэхъ псынщIэу, гъэпщкIуауэ къызэрагъэпэщыфынущ.

Дзэ IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Лъэпкъ гвардиер къызэрызэрагъэпэщар тэмэмщ, ди гъунапкъэхэм Iэпхъуэшапхъуэхэр гъунэгъу къызэрыхуэхъуар къэплъытэмэ.

«Европэр щапхъэ тхуэхъуащ «Iуэхум укIэлъыуэжкIэ» мыхьэнэ зэримыIэмкIэ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт щхьэрыутIыпщ цIыху гупышхуэхэр, уеблэмэ мин бжыгъэхэр ди гъунапкъэхэм къекIуэлIауэ. Ахэр гъунапкъэхъумэхэм къахуэгъэувыIэну? Шэч хэмылъу, хьэуэ. Гъунапкъэхъумэхэр апхуэдизу лъэщкъым икIи апхуэдэ къалэн ягъэзэщIэным хуэгъэпсакъым. Аращи, мыбдежым дыщыхуеинущ дзэ лъэщхэм, лъэщ дыдэхэм», - жиIащ ФСБ-м хэкIыжа генерал-майор Ерёменкэ Василий.

Лъэпкъ гвардиер къызэгъэпэщыныр - ар хабзэхъумэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щыщ Iыхьэщ. ДяпэкIэ щыIэжынукъым Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ IуэхущIапIэри Наркотикхэр зегъэкIуэным кIэлъыплъ IэнатIэри. Абыхэм я къалэнхэр игъэзэщIэнущ МВД-м. ФМС-мрэ ФСКН-мрэ я унафэщIу щытахэм полицэ къулыкъу къыхуагъэфэщакъым.

Къэрал кIуэцI дзэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ нобэ къыздэсым ар хэтащ МВД-м, ягъэзащIэ къалэнхэмкIэ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм ещхьу щытами. Ар и лъабжьэу ОМОН-мрэ СОБР-мрэ, МВД-м къалэн хэха щызыгъэзащIэ и центрыр абы хэтыжу - аращ Лъэпкъ гвардие хъунур. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы хэтынущ зауэлI мин 400-м щIигъу.

Лъэпкъ гвардием къулыкъу щащIэнущ контрактым Iэ тезыдзахэми армэм ираджа сэлэтхэми. Абы хэтынухэм къэпщытэныгъэшхуэхэр драгъэкIуэкIынущ. Езы зауэлIхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэныр фащэщIэ ящыгъынум и зэхэлъыкIэнурщ. Абы теухуауэ зыщыгъуазэр зыщ - ар адрейхэм къащхьэщыкIыу щытынущ. Фащэжьыр куэдрэ ящыгъыжынукъым.

«И чэзу къэсмэ, фащэри тхъуэжынщ, ауэ щытыкIэр къэнэжынущ. Фащэракъым нэхъыщхьэр, атIэ щытыкIэрщ», - жеIэ Дзержинскэм и цIэр зезыхьэ дивизие щхьэхуэм и командир Захаров Сергей.

**ОЛИСАШВИЛИ Георгий.**
*1tv.ru*

● Махуэшхуэхэр

## IутIыжыр япэ ирагъэщ

**Кърымым и Iэтащхьэхэм унафэ ящIащ мы гъэм накъыгъэм и 1-м махуэшхуэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ пэкIухэмрэ щамыгъэIэну.**

АПХУЭДЭУ щIащIам и щхьэусыгъуэщ чристэнхэм я IутIыжыр 2016 гъэм Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм зэрытехуэр.

- Мы гъэм накъыгъэм и 1-р IутIыж махуэшхуэм тохуэ икIи фэ фщыщ куэд жэщым члисэхэм нэху къыщекIынущ, итIанэ фи унагъуэхэм фахыхьэжынурэ ар зэдэвгъэлъэпIэнущ, - жиIащ хытIыгуныкъуэм и Iэтащхьэ Аксёнов Сергей. - Абы къыхэкIыу накъыгъэм и 1-м теухуа дауэдапщэхэр къызэдгъэпэщынукъым, ауэ цIыхухэм езыхэр зэрыхуейм хуэдэу ар ирахьэкIыну хуитщ.

**ВИННИК Сергей.**
*«Российская газета»*

*Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр (ЕГЭ) щIидзэным и пэ къихуэу Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Кравцов Сергей къытхутепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм а IуэхущIапIэм къыщыхилъхьа проектыщIэм, пэщIэдзэ классхэм щеджэхэм я щIэныгъэр къызэрапщытам кърикIуахэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лэжьэкIэм, ЕГЭ-р тыным зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм.*

# Иджыпсту щыщIэдзауэ къапщытэ

● Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр

**- И чэзур къэмысу ЕГЭ-р зытыну хуейхэр иджыпсту щыщIэдзауэ къапщытэ. Накъыгъэм экзамен нэхъыщхьэхэр екIуэкIынущ. ПэщIэдзэ илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я экзамен тыкIэхэм IуэхущIапIэ куэди цIыхубэри арэзы къимыщIу щытащ: школакIуэхэм тратхыкIырти, къэпщытэныгъэхэр нэгъэсауэ ирагъэкIуэкIыртэкъым е школакIуэхэм я щIэныгъэр здынэс дыдэм нэхъыфI къуигъэлъыхъуэрт. Мы гъэм сыт хуэдэ щIыналъэра гулъытэ хэха зыхуащIынур, сыт хуэдэра нэхъыкIэу къалъытэр?**

- ЩытыкIэр зэпIэзэрыт хъун папщIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ кIэлъыплъынымкIэ къэрал IуэхущIапIэм (Рособрнадзор) педагогикэ къэпщытэныгъэхэмкIэ къэрал институтыр дэщIыгъуу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъуэгуихымрэ (Дагъыстэн, Ингуш, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ-Алание) Тыва республикэмрэ яхуэгъэзауэ зэхэдгъэуващ епщыкIузанэ классхэм щеджэхэм урысыбзэмкIэ, математикэмкIэ, обществознаниемкIэ я щIэныгъэм зэрыхэдгъэхъуэн Iэмалхэр.

Абы ехьэлIауэ екIуэкIын хуей къэпщытэныгъэхэм ящыщу щыр едгъэкIуэкIащ. Нэгъабэ и фокIадэ мазэм япэр къызэдгъэпэщащ. ЯпэщIыкIэ школхэм къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыжащ, мазэ дэкIри, школакIуэхэр къапщытащ Рособрнадзорым и лIыкIуэхэр зыхэт щIыналъэ комиссэм. КъыкIэлъыкIуэ къэпщытэныгъэхэр мэлыжьыхьым екIуэкIынущ. Иджыпсту къытIэрыхьа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, жыпIэ хъунущ илъэс иримыкъум къриубыдэу лъагапIэ хэхахэм дызэрынэсар икIи абыхэм зэкIэ дагъэгуфIэ. Нэхъапэхэм школхэм я еджакIуэхэм нэхъ хэIэтыкIауэ бжыгъэхэр хуагъэувырт, ди къэпщытэныгъэхэм ахэр наIуэ къищIащ. Иджы ахэр зэрыщыт дыдэм нэхъ пэгъунэгъу хъуащ - абы къыхэкIкIэ еджакIуэхэми еджэным нэхъ зратащ. Апхуэдэу и нэхъ мащIэ дыдэ баллхэм нэхърэ нэхъыбэ къэзыхьахэр урысыбзэмкIэ еджакIуэ мини 5-кIэ, математикэмкIэ мини 4,2-кIэ, обществознаниемкIэ мин 11,25-кIэ хэхъуащ. ЕдгъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм дызэрыщыгугъам хуэдэ ехъулIэныгъэ къытхуихьарэ къытхуимыхьарэ наIуэ щыхъунур ЕГЭ-р зэфIэкIмэщ, ауэ иджыпсту жыпIэ хъунущ ди щIыналъэхэм «мыхьэнэншэ дыдэ» зэрахэмытыжыр.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, курыт еджапIэр къызэриухамкIэ тхылъыр (аттестатыр) къратыжу еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэн щхьэкIэ еджакIуэм къихьын хуей балл нэхъ мащIэ дыдэм мы гъэм зихъуэжакъым. Аттестатыр къыIэрыхьэжын щхьэкIэ ныбжьыщIэм къихьыпхъэщ урысыбзэмкIэ балл 24-рэ, математикэмкIэ баллитхум ящыщу 3-р. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм я тхылъхэр Iахынукъым урысыбзэмкIэ балл 36-м нэхърэ нэхъ мащIэ, математикэмкIэ балл 27-м нэхърэ нэхъ мащIэ къэзыхьахэм.

**- Зэхэвгъэува Iэмалхэр сыт хуэдэ?**

- Абы хэтщ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ щхьэкIэ пособие щхьэхуэхэр. ЕгъэджакIуэхэм яйр къапщтэмэ, абы щызэхуэхьэсащ ЕГЭ-м школакIуэхэм щащI щыуагъэ нэхъыщхьэхэр, экзаменыр зэрекIуэкIыпхъэм теухуа чэнджэщхэр, унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм хухэха дерсхэр къызэрызэгъэпэщыпхъэхэр. ЕджакIуэхэр зэрылажьэ тетрадым къыщыхьащ ЕГЭ-м хэтынухэм я щапхъэхэр. Ахэр ягъэзащIэурэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм хохъуэ.

**- ЕГЭ-р щекIуэкIкIэ фэ фи лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ кIэлъыплъыныгъэхэр щыIэну?**

- Къэпщытэныгъэхэр нэгъэсауэ пэжу екIуэкIын папщIэ экзаменхэр щыIахыну пэшхэм эфир занщIэкIэ къэзыт видеокамерэу щIэтыр нэхъыбэ тщIынущ. Нэгъабэ пэшхэм я процент 71-р апхуэдэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щытамэ, мы гъэм а бжыгъэр процент 83-м хуэкIуэнущ.

Мы гъэм япэу къыхэдгъэхьэнущ зы IэмалыщIи. Абы ипкъ иткIэ еджакIуэхэм я къэпщытэныгъэхэр зэрызэфIэкIыу, тхыгъэхэр пэшым щIамыхы щIыкIэ езы школакIуэхэр щыту сурэт трахыурэ компьютерым иралъхьэнущ, иужькIэ зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну Iэмал ямыIэн щхьэкIэ.

**- Мы гъэм жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр ЕГЭ-м щыIэну?**

- НтIэ, хэт гукъыдэж иIэми, къыдогъэблагъэ. А Iуэхур зыфIэгъэщIэгъуэнхэр сытым дежи куэдыкIейщ, ауэ кIэлъыплъакIуэ хъухэр мащIэ дыдэщ. Ди Iуэхущапlэм хэти къекIуалIэ хъунущ. Зэман кIэщIкIэ ирагъэджэнурэ, экзамен итыжынурэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ хъунущ. Ар зэхьэлIар Мэзкуу и закъуэкъым, атIэ дэтхэнэ щIыналъэми хуэгъэзащ. ЕГЭ-м и екIуэкIыкIэм и нэIэ трагъэтыну хуагъэфащэ къэрал жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ миным щIигъум, интернет кIэлъыплъакIуэу мини 2-м щIигъум, къэрал инспектор 140-м.

**- ЕГЭ-м хэтыну лэжьыгъэхэр гъэпщкIуауэ зыщэхэм я Iуэхур дауэ хъуну?**

- И чэзур къэмысу едгъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм апхуэдэхэр къыхэкIакъым. Социальнэ сетхэр къыдопщытэ, ЕГЭ-м хэтыну лэжьыгъэхэр зыщэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Нэгъабэрей къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр къэзыгъэлъагъуэхэм дрихьэлIащ. Мы гъэм щыIэр закъуэтIакъуэщ, апхуэдэхэми я лэжьыгъэр икIэщIыпIэкIэ къызэпыдоуд.

**- Ебгъуанэ классыр къэзыуххэм я щIэныгъэр здынэсыр къэпщытэныр дауэ зэрекIуэкIынур? ЕГЭ-м хуэдэу кIэлъыплъыныгъэхэр абыи щыткIиину хьэмэрэ апхуэдиз гулъытэ хуащIынукъэ?**

- Дэ гу лъыдотэ языныкъуэ щIыналъэхэм ебгъуанэ классхэр къэзыуххэм я къэпщытэныгъэхэр тэмэму нэгъэсауэ зэрырамыгъэкIуэкIым. Абы къыхэкIкIэ, ебгъуанэ классхэм щIэсхэм я щIэныгъэр здынэсыр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм 2016 гъэм хэчыхьауэрэ къыщытпщытэнущ.



Кравцов Сергей

**- Илъэс блэкIам Рособрнадзорым къипщытэн щIидзащ пэщIэдзэ классхэм щеджэхэм я щIэныгъэр. Абы кърикIуахэм фыкъытхутепсэлъыхьыфыну?**

- Къэпщытэныгъэхэм хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 80-м щылажьэ школ 500-м я еплIанэ классхэм щеджэ сабий мин 20. Дэ къэтлъэгъуащ пэщIэдзэ классхэм щIэс сабийхэм щIэныгъэ хъарзынэ зэрабгъэдэлъыр. Ауэ дагъуэ гуэрхэри хэлъщ: урысыбзэм - текстым къикIымрэ ар къызэрыббгъэдалъхьэжынумрэ теухуа гугъуехьхэрщ, езыхэм зыкъапщытэжыфыркъым. Математикэм - еплIанэ классым щеджэхэм яхэтщ нэхъ мащIэ дыдэу ящIэн хуейхэм пэмылъэщхэр: бжэн, есэпхэр щIыжын, зыгуэрхэр къитхъэным ехьэлIауэ. Иджыпсту а къэпщытэныгъэхэм кърикIуахэм теухуауэ хуэфэщэн методикэ лэжьыгъэ йокIуэкI.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, хамэ къэралхэми хуэдэу, ди IуэхущIапIэм ирегъэкIуэкI щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ школхэм я Iуэху зытетыр хэчыхьауэ къэпщытэныр. Абыхэм Iуэхур зытет дыдэр наIуэу щыболъагъу. Щапхъэ къэсхьынщ - ди къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, математикэр «5»-кIэ зыщIэр процентi 8,45-рэ фIэкIа мыхъумэ, езы школым ирегъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэм апхуэдэхэр хуэдищкIэ нэхъыбэу къыщагъэлъагъуэ. Языныкъуэ щIыналъэхэм «фIы дыдэу» зыщIэхэр процентi 100 щыщыхъуи щыIэщ. Ар щыхьэт тохъуэ пэщIэдзэ классхэм къыщыщIэдзауэ къэпщытэныгъэхэр тэмэму зэрыщрамыгъэкIуэкIым. Дэ ди къалэныр ар зэпIэзэрыт, тэмэм щIынырщ. Зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэбгъэлъагъуэмэщ щIэныгъэм ныкъусаныгъэ здэщыIэ и щIыпIэхэр наIуэ къыщыпщIыфынур икIи ахэр щыпхуэгъэзэкIуэжыфынур. Мыхьэнэ зиIэщ адэ-анэхэр я бынхэм я щIэныгъэм и кууагъым щыгъуэзэнри.

Мы гъэм и накъыгъэми еплIанэ классхэм я деж щекIуэкIынущ урысыбзэмкIэ, математикэмкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ къэралпсо къэпщытэныгъэхэр.

**- ЕгъэджакIуэхэр къэфпщытэну фыхуейкъэ?**

- ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм и кууагъыр къэпщытэным щытепсэлъыхьащ дыгъэгъазэ кIуам зэхэта Къэрал Советым. Къэрал егъэджэныгъэ мардэм тету дэ къыхэтхащ ахэр къызэрытпщытэну Iэмэпсымэхэмрэ Iэмалхэмрэ. Абы къигъэлъагъуэм елъытауэ, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм зэрыхагъэхъуэн методикэ щхьэхуэхэр зэхагъэувэнущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ егъэджакIуэфIхэри зэрымымащIэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэкIэ къаухауэ икIи илъэси 3 - 4-кIэ школхэм щылэжьауэ кадр резерву Мэзкуу дэ къыщыхэтхащ цIыхуи 100. Абыхэм захуэдгъэзащ, я щIэныгъэр къэтпщытащ икIи экзаменым хэтыну лэжьыгъэхэр щызэхэдгъэувэкIэ къедгъэблэгъэнущ. АдэкIэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ епха къэрал IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм щылэжьэну къыщIэкIынущ.

**- Ди псалъэмакъым и кIэухыу еджапIэ нэхъыщхьэхэм сыщIэупщIэнут. Къэпщытэныгъэхэм кIуэцIрыкIауэ Урысейм дапщэ апхуэдэу къинар?**

- 2014 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу дэ диIащ еджапIэ нэхъыщхьэрэ абыхэм я къудамэу 2486-рэ, 2016 гъэм и гъатхэпэм и 4-м ирихьэлIэу къэнэжар 1450-рэщ. Адрейхэм къэрал аккредитацэмрэ лицензэмрэ къыIахыжащ. Ди дежкIэ мыхьэнэ зиIэщ а щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыныр: аккредитацэ зиIэ еджапIэм студентыр щыщIэтIысхьэкIэ абы щIэныгъэ нэгъэса къызэрыратынум шэч къытримыхьэу щытын хуейщ.

Нэгъабэ еджапIэ нэхъыщхьэу 505-рэ къэтпщытащ. 2016 гъэм къэпщытэныгъэ 550-рэ едгъэкIуэкIыну ди мурадщ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм дэщIыгъуу едгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къикIуащ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ абыхэм я къудамэхэмрэ зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтыныр. Нэхъыбэу хэщIыныгъэ ягъуэтащ къэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм я къудамэхэм, къэралым IэщIэмылъ еджапIэхэмрэ абыхэм я къудамэхэмрэ. Ахэр хабзэм къигъэув мардэхэм тетакъым. ЩIэныгъэ нэгъэса яIэрыхьэным теухуауэ студентхэм яIэ хуитыныгъэр а IуэхущIапIэхэм щагъэзащIэркъым. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъыщеплъмэ, училищэхэмрэ колледжхэмрэ нэхъ зыужьыныгъэ ягъуэтащ. Дэ долъагъу, курыт IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэтIысхьэ школакIуэхэм я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэр.

Къэрал аккредитацэм и гугъу пщIымэ, дыщIызгъунщи, 2014 гъэм елъытауэ 2015 гъэм аккредитацэ зрамытахэм я бжыгъэм хэхъуащ. Ар нэхъыбэу епхащ экономикэ, юриспруденцие IэщIагъэхэм.

Юристхэмрэ экономистхэмрэ яIэ щIэупщIэр нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ техникэ IэщIагъэхэр къыхэзыхахэм я бжыгъэм хэхъуащ.

**СУББОТИНЭ Светланэ.**
*«Известия»*

● ЕрыскъыхэкI

# Пкъыгъуэ нэхъыщхьэ

**Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныр Урысейм Ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэмкIэ и доктринэр гъэзэщIэным и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ хъун хуейуэ къелъытэ Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ министр Кузнецов Лев - ди щIыналъэр адрейхэм йофIэкI дунейм и щытыкIэмкIэ.**

«НЭХЪАПЭIУЭКIЭ жаIэу щытащ Кавказыр Урысейм игъашхэу, иджы дэ ди къалэныр абы ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэм ехьэлIа къалэнхэр зэфIигъэкIыу къэралыр игъэшхэнырщ, рынокым шхыныгъуэфIхэр къыхущIигъэкIынырщ», - жиIащ Кузнецовым.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэм ехьэлIауэ 2017 гъэм хухах мылъкур инвестицэ проектхэм занщIэу хуаунэтIынущ. Ар етIанэгъэ и бюджетым хагъэхьакIэщ.

**ВАРЛАМОВ Сергей.**
*«Труд»*

**Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым унафэ трищIыхьынущ Къэрал Думэм и депутатхэр зыщIэупщIэм. КъулыкъущIэхэм ящIэну хуейщ къызыхуэт щымыIэу унэхэр зэгъэпэщыжыным папщIэ цIыхухэм ят пщIэр «псоми я зэхуэдэ шыуаным» кIуэн хуейуэ къызэрыхуагъэувыр хабзэм тетрэ темытрэ.**

## Къэтхахэм я Iуэху еплъыкIэр

Къэрал законым ипкъ иткIэ, къызыхуэт щымыIэу унэхэр зэгъэпэщыжыным хухах мылъкум и фондыр тIууэ къызэрагъэпэщ хъунущ. Абыхэм я зым къегъэув цIыхухэм ят пщIэр щIыналъэ операторым банкым къыщызэIуиха и счётым кIуапхъэу.

Депутатхэр мэлъаIуэ ПсэупIэ кодексым и мардэу щыт, зы унэм щыпсэухэм зэхалъхьа мылъкур нэгъуэщI унэр зэгъэпэщыжыным хуаутIыпщыныр хабзэм къемызэгъыу къалъытэну.

ЩIыналъэ операторым и деж мылъкур зэрыщызэхуахьэсым зыри пэрыуэркъым, ауэ депутатхэм къызэралъытэмкIэ, зы псэупIэм щIэсхэм зэхуахьэса ахъшэр адрейхэм я унэхэр егъэфIэкIуэным хуаутIыпщыныр цIыхум и хуитыныгъэр къызэпызыудхэм ящыщщ.

А Iуэхум теухуауэ Конституцэ Судым щекIуэкIа зэIущIэм Къэрал Думэм и депутат Хованская Галинэ къыщыхигъэщащ псэупIэхэр зей куэдыр я щхьэ хуимытыныгъэкIэ «псоми я зэхуэдэ шыуаным» къызэрыщыхутар. Абы къыдэкIуэуи цIыхухэм Iэмал ямыгъуэтынкIи хъунущ щIыналъэ операторым и счётым халъхьа мылъкур къагъэсэбэпыну. Хованскэм зэрыжиIэмкIэ, «щIыналъэ операторыр банкрот хъуфынущ - ар коммерческэ IуэхущIапIэщ».

Къэрал IуэхущIапIэхэм Конституцэ Судым щаIэ полномочнэ лIыкIуэхэм къызэралъытэмкIэ, иджыпсту зытет щытыкIэр Конституцэм зыкIи пэщIэуэркъым. Ауэ Къэрал Думэм Конституцэ Судым щиIэ и полномочнэ лIыкIуэ Вяткин Дмитрий жиIащ «къызыхуэт щымыIэу псэупIэхэр зэгъэпэщыжыным и системэр, шэч хэмылъу, егъэфIэкIуэн зэрыхуейр».

«Фондхэм къаIэрыхьа мылъкур абыхэм яй мэхъу икIи къалэн хэхахэр я пщэм къыдохуэ. ЩIыналъэхэм хабзэм щебакъуэхэр (мылъкур здэмыкIуапхъэхэм зэрыхуаутIыпщхэр, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырамыгъэкIуэкIыр) зэрыщыщыIэм псори щыгъуазэщ. Пэжщ, ахэр къемызэгъщ, ауэ абы къикIыркъым щIыналъэ операторхэм мылъкур хуэутIыпщыныр Конституцэм къемызэгъыу», - жиIащ Вяткиным.

● Абы куэд егъэпIетей

# «Псоми я зэхуэдэ шыуан»



### Прокуратурэ Нэхъыщхьэм и бгъэдыхьэкIитI

Прокуратурэ Нэхъыщхьэм зэрыщыжаIамкIэ, Iуэхугъуэ къаIэтахэр Конституцэм къигъэув хабзэхэм япэщIэуэркъым. АрщхьэкIэ Конституцэ Судым иригъэхьыну нэхъапэIуэкIэ IуэхущIапIэм игъэхьэзырауэ щытащ иджы жаIэм пэщIэуэ еплъыкIэхэр къыщыхьа тхылъ. ТАСС хъыбарегъащIэ IэнатIэм къыIэрыхьа дэфтэрхэм зэритамкIэ, Прокуратурэ Нэхъыщхьэм къигъэлъагъуэрт псэупIэр зейхэм «псоми я зэхуэдэ шыуаным» я мылъкур халъхьэныр хабзэм къемызэгъыу. ИужькIэ а тхыгъэр Конституцэ Судым къыщIахыжащ.

**КУРСКОВ Евгений.**
*ТАСС хъыбарегъащIэ IэнатIэ*

# Гъуэгу гукъеуэр ди къэралым щIэх иухыну?

**Асфальт тэмэм зытелъхьа гъуэгухэм къыщыхъу авариехэм я бжыгъэр нэхъыбэщ, кумблъэмб щыкуэдхэм нэхърэ. Апхуэдэу щыжаIащ гъуэгухэм якIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэр (Росавтодор) 2015 гъэм къррикIуахэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм ялэжьынухэмрэ щытепсэлъыхьа зэIущIэм.**

«АВТОМОБИЛЬ гъуэгухэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным къиишэнущ абыхэм я щIыпIэ хэхахэм аварие нэхъыбэ къыщыхъуныр. ГъуэгуфIхэм автомашинэр щызезыгъакIуэхэм я нэхъыбэм хабзэм къигъэув псынщIагъэм щIрагъэгъу, къапэщыт лъэныкъуэмкIэ толъадэ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ нэхъыбэрэ насыпыншагъэхэр къызыхэкIыр», - итщ зэIущIэм къыщащта тхылъхэм.

IуэхущIапIэм зэрыщыжаIэмкIэ, 2015 гъэм къэралым и гъуэгухэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэр процент 11-кIэ, абыхэм хэкIуэдахэр процент 15-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир нэхъапэIуэкIэ къыхигъэщащ Правительствэр а унэтIыныгъэм хуэм дыдэу фIэкIа зэрыщымылажьэр икIи къыхуриджащ ар къызэрыгуэкI Iуэхугъуэу къамылъытэну. Апхуэдэу гъуэгум щызекIуэхэми ар къызэзыгъэпэщхэми яхь жэуаплыныгъэм хагъэхъуэну унафэ ищIащ.

«А гукъеуэр къытфIэмыIуэхуу къыпщохъу, къызэрыгуэкI Iуэхугъуэ хуэдэу», - жиIащ абы икIи къыхигъэщащ ныкъусаныгъэхэр зэрыпхуэгъэзэкIуэжынур.

Иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу гъуэгу насыпыншагъэм фэбжь щагъуэтащ цIыху мелуани 3-м щIигъум, хэкIуэдахэм я бжыгъэр мин 350-м къыщынэркъым. Ахэр бжыгъэ шынагъуэ дыдэщ.

Президентым къыхигъэщащ къапэщыт гъуэгу лъэныкъуэм тету ирижэхэр зэрыкуэдыр. «Къуэдым, уеблэмэ автомашинэр къепхуэкIыну хуит узыщI дэфтэрыр къызэрыптрахым зыри къигъэувыIэркъым. Абыхэм я зэранкIэ цIыху лажьэншэ куэд хокIуадэ», - дыщIигъуащ абы.

Путиным гу лъитащ гъуэгу насыпыншагъэхэм я нэхъыбэр къыщIэхъур автомашинэхэр зезыгъакIуэхэм я зэрану зэрыщытым. «Гъуэгум хабзэм тету щыземыкIуэнымрэ адрей къыдытетхэм пщIэ хуамыщIынымрэ гуауэшхуэхэр кърокIуэ. Абы къыхэкIкIэ, сэ къызолъытэ, псом нэхъапэрауэ, къехуэкIыкIэм и щэнхабзэр яхэлъхьэн хуейуэ - ар хабзэхэр къыгуэхыпIэ имыIэу ягъэзащIэу, гъуэгум тет адрейхэми пщIэ хуащIу щытынырщ, уи гъащIэм къиищынэмыщIауэ укъэзыухъуреихьхэм я гъащIэри уи IэмыщIэм зэрилъыр зэхэпщIыкIынырщ», - къелъытэ къэралым и унафэщIым.

**ФЕТОДОВ Андрей.**
*«Коммерсантъ»*

# Кавказ Ищхъэрэм - турист нэхъыбэ



**Мэзкуу зэпымыууэ щылажьэ «Интурмаркет-2016» къэрал зэхуаку турист гъэлъэгъуэныгъэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгухэм (республикэхэмрэ краймрэ) я плIанэпэ щхьэхуэ иджыблагъэ къыщызэIуахащ.**

АБЫ иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмк Iэ и министрым и къуэдзэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и директорхэм я Советым и тхьэмадэ **Резников Андрей**, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI **Сафонов Олег**, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и генеральнэ директор **Горчев Олег**, турист IуэхущIапIэхэм я пашэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Резников Андрей гъэлъэгъуэныгъэм къыщызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм турист нэхъыбэ къешэлIэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIым папщIэ ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм щылажьэхэм фIыщIэ щхьэхуэ яхуищIащ. «Туризмэр КИФЩI-м хыхьэ республикэхэмрэ краймрэ я экономикэм зезыгъэужь унэтIыныгъэфIхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым шэч къытехьэгъуейщ. Кавказыр - зи щIыуэпсыр дахащэ, тхыдэ щIэинкIэ къулей, ижькIэрэ къыдекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ екIухэр ноби щызэрахьэ щIыналъэщ», - жиIащ абы.

Гъэлъэгъуэныгъэр Кавказ Ищхъэрэр турист кIуапIэ зыщI Iуэхугъуэф Iхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр къызэдыхагъэщащ зэIущIэм къекIуэлIахэм.

- Кавказ Ищхъэрэр туризмэм нэхъ зыщебгъэужь хъуну щIыналъэхэм хабжэ - абы къакIуэхэр и щIыуэпс телъыджэм зэрыдихьэхым и мызакъуэу, щыпсэу цIыхухэми хьэщIэ я щIасэщ. Ди къэралым Кавказ Ищхъэрэр нэхъ зыщыбгъэпсэху хъуну щIыналъэхэм халъытэ зэрыщыхъуами дыщогуфIыкI. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъуфIу къоув туризмэм хуэгъэпса ухуэныгъэщIэхэр а щIыналъэм къызэрыщыунэхуари, - къыхигъэщащ Сафонов Олег.



«Интурмаркет» гъэлъэгъуэныгъэм зэгъэкIуарэ зэхэухуэнауэ щызэпащIащ республикэ къэс щхьэж и тхыдэм, и щэнхабзэм епха тхыпхъэщIыпхъэхэр.

- Утыкум итлъхьэ хъуну хьэпшыпхэр зыхуэдэм дыщегупсысым, абы еплъынухэм Кавказ Ищхъэрэр нэхъ къезыгъэцIыхунухэр япэ идгъэщащ, зым и мыхьэнэм адрейм къыпедгъащэрэ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм щIыналъэм удэзыхьэх теплъэ зэрыритынум шэч къытедмыхьэу. Къэлъытапхъэщ, къэрал кIуэцI туризмэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ иужьрей зэманым Урысейм куэд зэрыщалэжьри. Кавказ Ищхъэрэр туристхэр нэхъ дэзыхьэх щIыналъэхэм ящыщ зыуэ къыщIедгъэдзынумэ, абы хыхьэ хэгъуэгу псоми а Iуэхум ехьэлIауэ зызэщIагъэкъуэн хуейщ, - щыжиIащ Горчев Олег и къэпсэлъэныгъэм.

Стендыр къызэIухыным иращIэкIа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ республикэхэмрэ краймрэ я лIыкIуэхэм «Шылэ гъуэгушхуэ» («Великий Шелковый путь») проектым а махуэм Iэ зэрызэдыщIадзари. «Туризмэм и унэтIыныгъэщIэм Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысей псом ифI къекIынущ», - къыдыщIигъужащ и псалъэм Резников Андрей.

ЗэIущIэм кърагъэблэгъат Урысейм и «Алеан», «Анкор», «Роза ветров», «Радонеж» турист компаниехэм я операторхэри. Резниковым абыхэм гу лъаригъэтащ Кавказ Ищхъэрэр зыгъэпсэхуакIуэ нэхъыбэ къезышэлIэфын щIыналъэу зэрыщытым, «Архъыз», «Iуащхьэмахуэ» курорт зызыужьхэм я лэжьэкIэми яхутепсэлъыхьащ, щIыналъэм дяпэкIэ къыщыунэхун хуей зыгъэпсэхупIэщIэхэми и гугъу яхуищIащ.

«Интурмаркет-2016» гъэлъэгъуэныгъэм къыщызэIуаха плIанэпэм еплъахэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэ-бзыпхъэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ зыхуащIащ, я шхыныгъуэхэм щыщ зыIуагъэхуащ, цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къащэхуащ, я къафэхэм еплъащ, я уэрэдхэм едэIуащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**





## «ТекIуэныгъэ» зэхьэзэхуэм макIуэ

**Мы махуэхэм Налшык и Универсальнэ спорт комплексым щызэхэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и ныбжьыщIэхэм самбэмкIэ я зэхьэзэхуэ. Абы ирихьэлIащ округым и хэгъуэгу псоми къикIа спортсмен 600-м щIигъу.**

УДЭЗЫХЬЭХЫУ икIи жыджэру екIуэкIа зэпеуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм медаль зэмылIэужьыгъуэ 11 къыщахьащ. Апхуэдэу зыхэта гупхэм пашэ щыхъуащ Мингалиевэ Аминэ (кг 56-рэ), Кабуловэ Миланэ (кг 59-рэ), Мэш Мухьэмэд (кг 42-рэ), Ташу Ибрэхьим (кг 60) сымэ. Кучуковэ Джамилэрэ (кг 60) Ало Мухьэмэдрэ (кг 50) етIуанэ увыпIэхэр къалъысащ. Жэз медалхэр зыIэрагъэхьащ ТIажь Альберт (кг 50), Терещенкэ Илья (кг 59-рэ), Докторовэ Савелие (кг 65-рэ), Къэбардэ БетIал (кг 66-рэ), Аликперов Аслъэн (кг 78-рэ).

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Iэмал ягъуэтащ накъыгъэм и 9 - 12-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIыну «ТекIуэныгъэ» дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну. КъыхэжаныкIахэр мэкъуауэгъуэм Кстовэ къалэм щыIэну урысейпсо зэхьэзэхуэм щыбэнэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**



## Хьэндэхъумрэ Мэзанымрэ зыри къатекIуакъым

**Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Чылар Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, районым и школхэм щокIуэкI математикэ, химие, биологие, физикэ предметхэр езыгъэджхэм я зэпеуэ.**

АПХУЭДЭ зэхьэзэхуэхэр щIрагъэкIуэкIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Зыуэ щыт къэрал экзамен зытыну еджакIуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ абыхэм зэрадэлажьэ щIыкIэмрэ егъэфIэкIуэнырщ.

НобэкIэ наIуэ къэхъуащ математикэр езыгъэджхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм къырикIуахэр. Абы хэтащ школ 20-м щыщу егъэджакIуэ тIощIрэ тIурэ.

Бахъсэнёнкэ дэт школ №2-м и егъэджакIуэ Хьэндэхъу Лерэ япэ увыпIэр къихьащ. ЕтIуанэр Ислъэмей дэт еплIанэ курыт школым и егъэджакIуэ Мэзан Мадинэ, а къуажэм и школ №2-м и егъэджакIуэ Къылъшыкъуэ Маринэ ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ.

**ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.**





## УгушыIэнумэ, къеблагъэ!

**КъэщIэрейхэмрэ гушыIэрейхэмрэ я зэпеуэ «Джэгурэшыр» илъэсым и кIуэцIкIэ плIэ ирегъэкIуэкI ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къыдиIыгъыу. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр: дахагъэр зыхэзыщIэ, махуэ къэскIэ зи къэухьым зиубгъу щIалэгъуалэм ябгъэдэлъ зэчийм зегъэужьынырщ, я анэдэлъхубзэр яIурылъу, ар ягъэшэрыуэу къэгъэтэджынырщ.**

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ а нэгузыужь зэпеуэм и етIуанэ лигэм и ещанэ Iыхьэр. «УгушыIэнумэ, къеблагъэ!» псалъащхьэр зиIа мы джэгугъуэр IыхьиплIу гуэшауэ щытащ: япэр - «ЗыкъывыдогъэцIыху: «Си гъунэгъур мэдыхьэшхри сэри содыхьэшх»; етIуанэр - «Зыгъэпсэхугъуэ Iыхьэ: «И хьэм бажэ къиубыдащ», ещанэр - «Макъамэу зэхэлъ Iыхьэ: «Мэлым и кIэр щыдэуейм, бжэныр дыхьэшхащ». ЕплIанэ джэгугъуэм гупхэм я тхьэмадэхэр щызэпеуащ хъыбар зиIэ псалъэжьхэмкIэ, гушыIэ зырызи дахэу къаIуэтэжащ.

Дэтхэнэ зы Iыхьэми гуп къэс хуэзэу хухахар дакъикъипщIт.

Ипэрей джэгугъуэхэми хуэдэу, мы пщыхьэщхьэри гъэнщIауэ щытащ гушыIэ дахэкIэ. Гур хигъахъуэрэ джэгуакIуэ цIыкIухэр зэпеуэм трагъэгушхуэу цIыху куэди къекIуэлIат. КъэпщытакIуэхэу къэрагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Хьэвжокъуэ Людмилэ, 14-нэ гимназием тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ, аспирант Къэбар-дэ Астемыр, хьэрычэтыщIэ Шыкъ Гупсэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Хьэгъэжей Беслъэн сымэ.

Пшыхьым щызэпеуащ Псыхъурей къуажэ школым и «Лэгъупыкъу», Кэнжэ дэт 20-нэ школым и «Кэнжэ, уей-уей», Совхознэ къуажэм къикIа «Дыгъэ нэбзийхэр», Дыгулыбгъуей дэт 9-нэ школым и «Нарт щIэблэ» гупхэр.

Гуп къэскIэ кърипцIыхуу фащэ дахэ дыдэхэр ящыгът. Сабийхэр мы Iуэхум зэрыдихьэхыр, яфIэгъэщIэгъуэну, егугъуу зэрызагъэхьэзырар я утыку итыкIэмкIэ плъагъурт. Ахэр хущIэкъурт зэман хухахам къитIасэу, я бзэм и къабзагъыр, къагъэлъагъуэм щIэлъ щIагъыбзэр, щыджэгу теплъэгъуэм «хэшыпсыхьауэ» зэрыщытыр къэпщытакIуэхэм я пащхьэ иралъхьэну.

Гупхэм фIы дыдэу зыхуагъэхьэзырат мы джэгугъуэм, ауэ псори зэхуэдэт жыпIэмэ, щыуагъэщ. Абыхэм яхэтащ зи хъыбарыр нэхъ дыхьэшхэни, зи теплъэгъуэр нэхъ гъэщIэгъуэни, зи къэфэкIэр нэхъ дахи, бзэр нэхъ шэрыуэу зыгъэбзэрабзи. Зэпеуэ щыхъукIэ, зыгуэр Iэмал имыIэу япэ ищын хуейщ. Гупхэм къахьа баллхэр зэхалъхьэжа нэужь, япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Дыгулыбгъуей къуажэм и 9-нэ школым къикIа «Нарт щIэблэм». ЕтIуанэр 20-нэ школым и «Кэнжэ, уей-уей» гупым зыIэригъэхьащ. Ещанэ хъуахэр Псыхъурей къуажэм и «Лэгъупыкъурщ», еплIанэр ялъысащ Совхознэ школым и «Дыгъэ нэбзийхэм». Зэпеуэм хэта псоми щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат и псалъэм къыхигъэщащ джэгугъуэ къэскIэ и гур хэзыгъахъуэ куэд зэрыщилъагъур, адыгэм къыщIэхъуэ щIэблэмкIэ зэрыгушхуэр, абыхэм я блэкIар зэращIэр, я къэкIуэнур дахэ зэращIыным зэрыхущIэкъур нобэ иджыри зэ и фIэщ зэрыхъуар.

ЗэIущIэр зэхуэзыщIыжа Багъ Марьям жиIащ дэтхэнэ гупми гушыIэ дахэ зэрахэлъыр, утыку ихьэкIэрэ икIыжыкIэрэ зэращIэр, пщэдейрей махуэмкIэ узыщыгугъ хъуну щIэблэ узыншэу ахэр зэрыщытыр.

- Адыгэм щIэблэфI къызэрыщIэувэм шэч хэлъкъым мыпхуэдэ сабий дахэхэр утыкум къихьэху! - жиIащ абы.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



## ЩIыуэпсымрэ ныбжьыщIэхэмрэ

**Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм «ЩIыуэпсым ехьэлIа Iуэхухэм хэзыщIыкI ныбжьыщIэхэр» республикэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ.**

МЫ IУЭХУР къезыхьэжьахэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжахэм ящыщщ къытщIэхъуэ щIэблэр щIыуэпсыр хъумэным гудзакъэ хуаIэу къэгъэхъуныр, гъащIэм и уэрыпIэм дезыгъэхьэх гукъыдэжым къыхузэщIэгъэуэшэныр, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм хэтащ районым хиубыдэ жылагъуэхэм дэт курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIухэм ящыщу 45-рэ. Абыхэм упщIэрэ дерсу хуагъэувахэм къратыжа пэгъуэкIхэм щриплъэжым, Малкэ дэт курыт школ №1-м щеджэ цIыкIухэм япэ увыпIэр къызэрахьар наIуэ къэхъуащ.

ЩIыуэпсыр, узэрыхущыт елъытакIэрэ, цIыхум и узыншагъэм хэзыгъахъуэ, и гукъыдэжым зыкъезыгъэIэт, и псэр зыгъэгуфIэ, и IуэхущIафэхэм берычэтыр къыхэзылъхьэщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр Iуэхуу щыIэм я нэхъапэщ. Гъуни нэзи зимыIэ мэзхэр, къипщIыпщIыкIыу ешкIурэх псышхуэхэр, адэкIэ-мыдэкIэ зыкъыщызэкъуэзых хыжьей дахащэхэр, жыжьэу къыщылыд мылыщхьэ бгыщхьэхэр, губгъуэ зыкъизыххэр - ахэр псори, зэпэщхьэхуэу къэлъагъуэми, щIыуэпскIэ дызэджэжырщ, иужьрей зэманым гулъытэ хэIэтыкIа жылагъуэми властми зыхуащIырщ. Аращ «ЩIыуэпсым ехьэлIа Iуэхухэм хэзыщIыкI ныбжьыщIэхэр» республикэ зэпеуэм и гупсысэ нэхъыщхьэри.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**





## Хабзэр къызэрызэпиудам и зэранкIэ

**Шэджэм щIыналъэм и прокурорым и къуэдзэм Iэ щIидзащ Шэджэм къалэм щыщ цIыхухъум хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 264-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ илэжьауэ (гъуэгу хабзэхэр къызэрызэпиудам и зэранкIэ цIыху зэрыхэкIуэдам папщIэ).**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, нэгъабэ фокIадэм и 12-м и пщыхьэщхьэм «ВАЗ-21124» автомашинэ псынщIэм дэсу Шэджэм къалэм и Бахъсэн шоссем здрикIуэм, рулыр хуэмыгъэIурыщIэу ар гъуэгум дэжэхри, щхьэпридзащ. Абы щIыгъуар игъуэта фэбжь хьэлъэхэм къелакъым.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, уголовнэ Iуэхур Шэджэм щIыналъэ судым ирагъэхьащ.

Илэжьа щIэпхъаджагъэм папщIэ тезыру абы илъэситхум нэс къехь.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Минги-Тау», «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нюр», «Нур», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ комплекс центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ журналистикэм и ветеран **Гергоков Исмаил Жашко** и къуэр зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым и 23-рщ.**



## Тхылъеджэхэм папщIэ

**Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм мэлыжьыхьым и 22-м щекIуэкIынущ «Библиотекэхэм я жэщ-2016» урысейпсо социо-щэнхабзэ Iуэхугъуэр.**

А МАХУЭМ и пщыхьэщхьэм библиотекэм и бжэхэр сыхьэт 17-м щыщIэдзауэ 21 пщIондэ зэIуех икIи сабийхэри балигъхэри фрегъэблагъэ «Кином еджэ» къыхуеджэныгъэм щIэт нэгузыужь программэм. Зэхыхьэм зрезыгъэхьэлIэнухэм Iэмал яIэнущ тхакIуэхэм, режиссёрхэм, усакIуэхэм, музыкантхэм епсэлъэну, библиотекэм, тхылъ хъумапIэхэм зыщаплъыхьыну, зэпеуэхэмрэ викторинэхэмрэ хэтыну.


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **НэщIэпыджэ Замирэ,** *корректорхэу* **ЩхьэщэмыщI Изэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.072 • Заказ №528